

**LEKÒL PIBLIK SOMERVILLE
KOMITE LEKÒL LA**

**REZOLISYON POU AFIME KE LEKÒL PIBLIK SOMERVILLE KÒM
GEN SEKIRITE EPI LI AKEYAN POU TOUT ELÈV**

- KONSIDERAN,** Misyon Lekòl Piblik Somerville ("SPS") yo se kenbe yon kominote lekòl miltikiltirèl dedye a reyisit konplèt potansyèl entèlekyèl, fizik, sosyal ak emosyonèl total tout elèv yo. Nan travay sa-a n'ap kenbe yon anviwonman ki an sekirite epi ki ankouraje kiryozite, diyite ak amoupwòp chak gren moun.
- KONSIDERAN,** SPS se angaje nan bay yon anviwònman aprantisaj akeyan epi sennesòf yon fason pou ogmante siksè ak aksè pou tout elèv endepandaman de kondisyon imigrasyon yo, orijin nasyonal, etnisite, ras, reliyon, oryantasyon seksyèl, sèks ak sèks idantite, sitiyasyon sosyo-ekonomik, andikap, oswa kwayans yo;
- KONSIDERAN,** Vil Somerville la deklare angajman 1 pou 1 bay tout moun menm dwa ak privalèj kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo lè 1 pase rezolisyón vil la pou bay tout moun menm opotinite nan dat 22 avril 1993 la;
- KONSIDERAN,** Vil la anrichi epi li pi djanm akoz divès eritaj kiltirèl, popilasyon miltinasyonal epi atitud akeyan li genyen pou moun ki fèk vini yo;
- KONSIDERAN,** edikasyon jwe yon wòl enpòtan nan fè pwomosyon pou tolerans ak enklizivite nan sosyete nou an;
- KONSIDERAN,** Konstitisyon Etazini an entèdi Leta pou refize elèv yon edikasyon primè oswa segondè piblik akòz kondisyon imigrasyon yo;
- KONSIDERAN,** Lwa sou Dwa Sivil 1964 la entèdi pou yo fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, oubyen orijin nasyonal, nan mitan lòt faktè, nan lekòl piblik primè ak segondè (Tit IV) ak sou moun ki resevwa asistans finansye federal (Tit VI);
- KONSIDERAN,** Lwa sou Dwa Edikasyonèl Fanmi ak ak Lwa sou vi prive 1974 ("FERPA") ak tout Lwa Massachusetts an jeneral entèdi distri lekòl yo ak anplwaye yo pou yo divilge enfòmasyon ki sòti nan dosye edikasyon yon elèv bay yon twazyèm pati san konsantman davans alekri yon paran, yon gadò, ouswa elèv la;
- KONSIDERAN,** Pa gen lwa ki egzije pou depatman ouswa anplwaye vil la sèvi kòm volontè pou ajan federal imigrasyon yo konsènan kondisyon imigrasyon yon moun nan vil la;
- KONSIDERAN,** Konstitisyon Etazini an ak Deklarasyon Dwa moun nan Massachusetts Entèdi fouy derezonab ak sezi;
- KONSIDERAN,** Fouy ak sezi yo derezonab anjeneral sòf si gen yon manda valab ki soti nan

majistrati a ouswa nan men yon jij, ouswa anba kèk sikontans espesyal ki fè yo tipikman angaje nan pouswit yon sisplèk kriminèl ouswa destriksyon prèv yon bagay ekstrèmman difisil pou jwenn nan kontèks elèv ki angaje nan aktivite lekòl.

- KONSIDERAN,** Depatman sekirite enteryè amerikèn ("DHS") ak predesesè li a te afime plizyè fwa kòm yon regleman jeneral ke ofisyè federal imigrasyon yo dwe jwenn apwobasyon davans nan men ofisyèl wo nivo DHS yo anvan yo òganize nenpòt aksyon ranfòsman - Ki gen ladan arrestasyon, entèvyou, rechèch, sieyan – andan ouswa ki konsantre nan lekòl yo ke DHS te deziyen kòm "zòn sansib";
- KONSIDERAN,** SPS se gadò legal elèv yo pandan jounen lekòl la ak nan lè ki apwouve pou lòt aktivite lekòl la yo, epi se responsablitè SPS pou l pwoteje dwa chak elèv la konsènan entèraksyon ak ofisyèl lapolis;
- KONSIDERAN,** Komite Lekòl la gen otorite ke li delege bay Sipètentandan an, pou kontwole aksè nan biling lekòl yo ak lokal yo pou pwoteje enterè elèv yo pi byen;
- KONSIDERAN,** Prensip SPS se pou l entedi antre nan batiman ak lot lokal lekol yo pou tout moun ouswa organizasyon ke prezans yo ka deranje kad edikatif la; epi
- KONSIDERAN,** Prezans ofisyè polis federal imigrasyon yo nan batiman lekòl yo ouswa pandan aktivite lekòl yo ap deranje lokal ansèyman yo epi l ap gen yon enpak negatif sou anwolman ak prezans elev yo;

PA KONSEKAN

KOUNYE A, se pou:

- DESIDE:** Tout elev SPS gen menm dwa pou yo jwenn yon edikasyon piblik gratis ak lot sevis lekol la ki asosye ak li yoepi tou pou tout elev SPS trete egalego kelkeswa reliyion l ouswa kondisyon imigrasyon l;
- DESIDE:** SPS pa pwal chache konnen ouswa kenbe enfòmasyon konsènan sitiyasyon imigrasyon nenpòt elèv ouswa manm fanmi li pou yo ka gen prèv adrès elèv la, prèv laj li, ouswa nenpòt lòt rezon, eksepte pou enfòme yon elèv sou sikontans kote detèminasyon sitwayènte li ka nesesè pou etabli elijiblite l pou bous detid ouswa lot èd finansyè;
- DESIDE:** Tout demann ofisyè polis federal imigrasyon yo fè pou antre nan nenpòt biling Lekòl Piblik Somerville oubyen sou pwopriyete l, ouswa pou kominike avèk nenpòt elèv pandan elèv sa-a sou sipèvizyon SPS ouswa pandan nenpòt aktivite lekòl ouswa pandan y ap Itilize SPS transpò, demand sa-yo dwe al jwenn Sipètentandan an, avoka vil la, ak chèf Depatman Lapolis Somerville la imedyatman;
- DESIDE:** Yo p ap janm pèmèt ofisyè imigrasyon federal antre nan nenpòt kiyès nan biling Lekòl Piblik Somerville yo oubyen nan pwopriyete san yon apwobasyon alekri ki

sòti nan men Sipèntandan ouswa yon manda jidisyè valab ki te siyen pa yon majistra ki pa gen patipri ouswa yon jij, eksepte nan sikonstans ekzijan;

DESIDE: Tout sitasyon oswa lòt demann SPS resevwa pou bay nenpòt ki enfòmasyon ki soti nan dosye edikasyon yon elèv dwe al jwenn avoka vil la imedyatman se li menm le 1 ap detèmine repons pou 1 bay manda sa yo oswa sitasyon sa-a, se pou konsilte avèk Sipèntandan epi se pou 1 itilize tout otorite legal SPS genyen pou 1 pwoteje dwa konstitisyonèl ak legal elèv SPS yo;

DESIDE: SPS dwe bay ekip repons pou kriz epi ak ijans li genyen yo fòmasyon ak nenpòt resous adisyonèl si li jije sa nesesè yon fason pou asire sekirite a ak byennèt elèv ki ka afekte pa aksyon sou ranfòsman lwa imigrasyon yo;

DESIDE: SPS dwe poste Rezolisyon sa-a nan tout lokal lekòl yo epi distribye li bay manm pèsonèl yo ak paran yo nan lang ki gen plis moun nan vil la ki pale yo; epi

DESIDE: Si yon tribinal legalman deklare nenpòt ki pati nan Rezolisyon sa-yo dwe kontré ak nenpòt lwa jeneral, règleman, oswa desizyon jidisyè, validite rès Rezolisyon sa-yo pa dwe afekte.

DESIDE: Se pou yo voye yon kopi Rezolisyon bay Gouvènè a, Pwokirè Jeneral la, ak Delegasyon lejislatif lokal Somerville la ak delegasyon Leta a epi aprè sa distribye li lajman.

VOTE: Inanim

DAT: 6 mas 2017

PA: Komite Lekòl Somerville yo